**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRINIŃ BUYRÍĞÍ**

**Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministriniń 2021-jıl 18-avgusttaǵı ""Ustaz-2021"milliy xoshametlew tańlawın ótkeriw hám sılıqlaw haqqında"ǵı 266-sanlı buyrıǵı haqqında**

Respublikamız ulıwma orta bilim beriw sistemasında jumıs alıp barıp atırǵan muǵallimler arasınan tájiriybeli, dóretiwshi, sheber, pidayı oqıwshılardı anıqlaw hám olardıń is tájiriybelerin en jaydırıw, sonday-aq, belsendi muǵallimlerdi tańlap alıwdıń xalıqaralıq hám zamanagóy usıllarınan paydalanǵan halda tańlawdı zamanagóy jańa formatda ótkeriw maqsetinde **buyıraman:**

1. Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń 2021-jıl 18-avgusttaǵı ««Ustaz-2021» respublika tańlawın ótkeriw hám sılıqlaw haqqında»ǵı 266-sanlı buyrıǵı basshılıqqa alınsın hám orınlanıwı támiyinlensin.

2. "Ustaz-2021" milliy xoshametlew tańlawı (keyingi orınlarda Tańlaw dep júritiledi) 2021-jıldıń sentyabr-dekabr aylarında ótkeriletuǵınlıǵı maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

3. Tómendegiler:

Tańlawdı ótkeriw hám jeńimpazlardı sılıqlaw boyınsha Respublika isshi topar quramı 1-qosımshaǵa,

Tańlawdı shólkemlestiriw boyınsha qárejetler smetası 2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlanǵanlıǵı;

Tańlawdı shólkemlestiriw, nominaciyalardı belgilew, ótkeriw tártibi hám bahalaw kriteriyaların islep shıǵıw hámde tóreshiler quramı, ekspert hám appelyaciya komissiyaların qáliplestiriw hám tastıyıqlaw, sılıqlaw máresimi rejesin islep shıǵıw Tańlawda jeńimpaz shólkem tárepinen ámelge asırılatuǵınlıǵı;

"Innovaciya, texnologiya hám strategiya orayı" MUK tańlaw menen baylanıslı proceslerdi qabıl etiw maqsetinde www.ustozmukofoti.uz veb portalın islep shıǵıw ushın Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministriniń 2020-jıl 14-yanvardaǵı «Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw tarawın rawajlandırıwǵa qaratılǵan joybarlarına basshılıq etiw, olardı ámelge asırıw hám qabıl etiw tártibin tastıyıqlaw haqqında»ǵı 15-sanlı buyrıǵı tiykarında kommerciyalıq usınıslar kiritiw wazıypası belgilengenligi maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

3. Tańlawdıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshın ótkeriw hám jeńimpazların sılıqlaw boyınsha Respublika isshi topar quramı 3-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

4. Barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimleri baslıqları, respublikalıq boysınıwdaǵı bilimlendiriw məkemeleri direktorlarına;

tańlawdıń juwmaqlawshı basqıshına mirát etiletuǵın qatnasıwshılardı belgilengen múddetlerde Tashkent qalasına xızmet saparına jiberiw hám xızmetkerlerdiń jol qárejetleri tiykarǵı jumıs ornınan qaplanıwı támiyinlesin.

4. Usı buyrıqtıń orınlanıwın qadaǵalaw ministrdiń birinshi orınbasarı w.w.a. Q.Bekbaulievqa tapsırılsın.

**Ministr** **R.Reimov**

**Nókis qalası**
**2021- jıl** 19 - август
**№** 190